



Fatig Chalè

UPDATED: 02/2014

Kòm moun Laflorid yo kòmanse rekiperasyon de inondasyon, ofisyèl lasante mande pou tout moun yo pran prekosyon sou tout siy fatig chalè (Heat exhaustion). Fatig chalè se yon kalite maladi ki devlope apre ou te ekspoze anba tanperati ki wo anpil avèk mank oswa ranplasman likid ki pa balanse. Moun ki nan plis risk pou yo ki souffri fatig chalè se granmoun aje yo, moun ki souffri tansyon ak moun k ap travay oswa fè egzèsis nan anviwonman ki cho.

SIY PREKOSYON POU FATIG CHALÈ VARYETE MEN YO KA ENKLI SIY SA YO:

- Anpil transpirasyon
- Ten Pal
- Lakranp miskilati
- Fatig
- Feblès
- Tèt vire
- Maltèt
- Noze ak vomisman
- Pèt konesans
- Po: Po kò-a siye e vin frèt
- Batman kè: Kè-a bat vit epi pa fò
- Respirasyon-an: Respirasyon-an: rapid epi kout

Si yo pa trete chòk la, Li ka devlope yo yon konjesyon chalè Chèche jwenn asistans medikal si nenpòt nan sentòm sa yo ta parèt:

- Sentòm yo sevè.
- Viktim la gen problèm kè ak souffri tansyon wo.

Sinon, ede viktim la pou li nan yon kote ki pi fre pou li ka refwadi Kò l e fè l ale kay doktè si sentòm vin pli mal oswa rete plis pane inèdtan.

KISA POU M FE SI MWEN SISPEK FATIG CHALÈ :

Pami mezi refwadisman ki ka efikas yo, genyen:

- Bay bwè dlo fre, pa bwè bwason alkòl, tankou jan doktè an endike
- Repoze nan yon kote ki gen èkondisyone.
- Pran yon ben fre, nan basen oubyen avèk yon eponj
- Mete rad fre e leje
- Itilize sunskrin 30 spf pou evite pran kout solèy, ki ka lakòz pò pèdi abilite pou elimine chalè,

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman lasante konte lokal ou an oswa vizite www.floridahealth.gov oswa www.floridadisaster.org.

Liy Enfòmasyon pou Kadijans nan Florid: 1-800-342-3557